

WE ARE YOUR DOL



Department  
of Labor

## PWOGRAM TRAVAY PATAJE

Yon Zouti pou Biznis yo

### KIJAN TRAVAY PATAJE KA EDE BIZNIS MWEN AN?

Pwogram Travay Pataje a ede w kenbe anplwaye ki gen valè yo pandan bès tanporè yo, ki se yon bagay ki pi enpòtan pase ke jamè nan ekonomi jodi a. Yo kapab itilize l' tou kòm yon pati nan estrateji re-ouvèti sezonye w' lan. Avèk Travay Pataje, ou ka kenbe anplwaye ki gen valè ou yo epi evite revokasyon lè w diminye orè travay yo. Pandan yo sou yon orè redui, anplwaye yo resevwa salè redui nan men biznis ou an ak yon pousantaj nan to avantaj chomaj yo.

*Pa egzanp: Izin XYZ ranpli yon Plan Travay Pataje ak Depatman Travay Leta epi li resevwa apwobasyon pou diminye èdtan depatman kouti li a pa 20% pandan 10 semèn. Anplwaye sa yo ka ranpli pou Asirans Chomaj. Yo ka kolekte 20% nan benefis chak semèn yo a.*

*Yon anplwaye ki touche \$400 pa semèn ka resevwa \$200 nan benefis Asirans Chomaj si li p'ap travay ditou. Anba Pwogram Travay Pataje a, y' ap resevwa \$320 pa semèn nan salè nan men patwon yo a (20% de \$400 se yon rediksyon \$80), plis \$40 nan benefis Travay Pataje (20% nan \$200 benefis Asirans Chomaj). Sa totalize \$360 nan salè ak benefis Travay Pataje pou chak semèn nan plan an aprè yon semèn datant ki poko peye.*

Kenbe anplwaye w' yo vle di ou ka preparfe byen vit lè kondisyon biznis yo amelyore. Ou ekonomize tou nan depans pou fè rekritman, anbochaj ak fòmasyon nouvo anplwaye yo. Anplis de sa, ou epanye anplwaye ou yo de difikilte chomaj konplè. Travay Pataje di anplwaye yo, ou bay yo valè kòm manm ekip la. Lè ou evite revokasyon, ou di anplwaye ou yo ke ou apresye travay yo fè epi ou vle kenbe yo nan ekip la, malgre moman difisil yo.

### KISA YON PLAN TRAVAY PATAJE EGZIJE?

- Li dwe aplike pou anplwaye ki nòmalman travay pa plis pase 40 èdtan pa semèn
- Li dwe diminye èdtan travay yo ak salè korespondan ki ant 20% ak 60%
- Benefis sosyal yo dwe rete antye, a mwens ke yo redwi oswa elimine pou tout mendèv la
- Plan yo apwouve pou yon peryòd 53 semèn
- Li trè fleksib. Li kouvrí tout anplwaye nan yon inite ki afekte epi li redwi èdtan yo nan menm pousantaj. Ou ka redwi inite diferan yo pa pousantaj diferan yo
- Ou pa kapab anboche lòt anplwaye pou gwoup travay plan an kouvrí pandan plan an aktif. Si gen yon akò negosyasyon kolektif aplikab, inite negosyasyon kolektif la dwe dakò pou patisipe nan Pwogram Travay Pataje a.

### BENEFIS AK ELIJIBILITE ANPLWAYE YO

Anplwaye yo ka patisipe nan Travay Pataje si yo kalifye pou resevwa benefis asirans chomaj regilye nan Eta New York. Montan Travay Pataje chak semèn nan se to benefis chak semèn moun nan miltipliye pa pousantaj èdtan ak salè yo redwi anba Plan Travay Pataje a. Travayè k' ap patisipe nan Travay Pataje:

- Ka resevwa yon maksimòm de 26 fwa pousantaj benefis chak semèn yo pandan yon ane benefis
- Pa ka resevwa plis nan yon ane benefis de benefis Travay Pataje ansam ak benefis asirans chomaj regilye ke yo tap resevwa nan pwogram asirans chomaj regilye a poukont li (26 fwa pousantaj avantaj regilye a)
- Dwe disponib totalman pou travay pou patwon Travay Pataje a, men yo pa oblige chèche lòt travay

- Pa kalife pou benefis Travay Pataje nan okenn semèn kote yo resevwa benefis Konpansasyon Chomaj Siplementè (pèman SUB)
- Pral gen benefis Travay Pataje yo redwi si yo travay pou yon lòt patwon oswa si yo travay ak tèt yo

## KIJAN POU MWEN APIKE?

Ou dwe anplwaye omwen de anplwaye aplentan k'ap travay nan Eta New York, epi pandan kat trimès kalandriye konsekitif yo, ou menm oswa predesesè w la te dwe:

- Peye nan Fon Fidisye Asirans Chomaj la  
**OSWA**
- Nan plas kontribisyon yo, chwazi pou ranbouse benefis yo peye ansyen anplwaye ou yo

Pou ranpli yon aplikasyon, vizite paj sèvis UI nou an sou entènèt: [on.ny.gov/Ulservices](http://on.ny.gov/Ulservices). Konekte avèk ID NY.gov ou, oswa suiv enstriksyon yo pou kreye yon ID NY.gov. Apre ou fin konekte, chwazi "View My UI Information" nan paj "Perform Work for my Company" a. Klike sou bouton "Shared Work" ki anba a göch la.

## BENEFIS PWOGGRAM TRAVAY PATAJE A

### KI LÈ PLAN TRAVAY PATAJE MWEN AN AP KÒMANSE?

Plan yo kòmanse nan dat ki presize sou fòmilè aplikasyon w lan oswa premye Lendi apre nou apwouve plan an, kèlkeswa dat ki pi ta. Soumèt aplikasyon w' lan mwens pase yon mwa anvan dat kòmansman ki pwopoze a. Yon Plan Travay Pataje pa kapab aplike pou dat ki pase.

### FLEKSIBITE

Ou ka chanje pouvantaj inite w yo redwi a. Ou kapab retounen inite yo nan yon orè konplè pou yon semèn tou oswa plis epi answit rekòmanse itilize plan an. Ou ka retire moun nan inite travay ki afekte a oswa anboche travayè ranplasan. Sepandan, si ou vle ajoute inite travay adisyonèl nan plan w' lan, ou dwe soumèt yon aplikasyon modifie pou apwobasyon.

### ÈSKE CHANJMAN NAN KONDISYON BIZNIS PWAL GEN ENPAK SOU PLAN MWEN AN?

Fleksibilite Travay Pataje pèmèt biznis yo ajiste a kondisyon ekonomik yo chak semèn. Ou ka ogmante oswa diminye pouvantaj yon inite travay selon bezwen operasyonèl yo.

## BIZNIS YO DEVLOPE PLAN TRAVAY PATAJE SELON BEZWEN OPERASYONÈL YO

Ou ka itilize Travay Pataje nan youn oswa plizyè depatman yo, chif travay yo oswa inite yo. Plan an pèmèt ou chwazi domèn ki enplike yo. Ou dwe aplike rediksyon nan èdtan ak salè yo egalego pou tout anplwaye nan yon inite oswa depatman k'ap patisipe. Ou ka diminye èdtan ak salè anplwaye nan diferan depatman oswa inite selon diferan pouvantaj, si ou presize sa nan plan an.

### OU PRESIZE KI ANPLWAYE POU METE NAN PWOGGRAM TRAVAY PATAJE A

Plan w' lan dwe genyen non ak nimewo Sekirite Sosyal tout anplwaye k'ap patisipe yo, lè travay nòmal yo chak semèn epi si oswa non yo se anplwaye sezonye, tanporè oswa tanzantan.

### TOUT BAGAY FÈT PA MWAYEN ELEKTWONIK

Ou menm ak anplwaye k'ap patisipe yo dwe sètifye an liy chak semèn redui yo. Sa asire ke chak anplwaye yo touche montan apwopriye benefis Travay Pataje a nan yon bon moman.

### KI EFÈ BENEFIS TRAVAY PATAJE GENYEN SOU TO ASIRANS CHOMAJ MWEN AN?

Benefis Travay Pataje yo faktire nan kont evalyasyon eksperyans ou. Sa vle di ke benefis yo peye anba yon plan Travay Pataje pral faktire nan kont asirans chomaj ou. Sa ka gen yon efè sou pouvantaj kontribisyon asirans chomaj ou selon sitiyasyon espesifik ou. Si w gen kesyon konsènan enpak Travay Pataje sou to asirans chomaj ou, rele Seksyon Responsabilite ak Detèminasyon nou an nan **518-457-2635**.

### KIYÈS MWEN KA KONTAKTE SI MWEN GEN KESYON SOU TRAVAY PATAJE OSWA PWOSESIS APLIKASYON AN?

Inite Travay Pataje nou an ka reponn kesyon sou Travay Pataje epi ede w' ranpli aplikasyon plan an., Rele **518-457-2635** epi chwazi opsyon 3 pou pale ak yon manm ekip nou an.

### KESYON YO POZE SOUVAN

Pou jwenn yon lis konplè FAQ sou Travay Pataje, vizite: [on.ny.gov/swfaq](http://on.ny.gov/swfaq)

Pwogram Travay Pataje a fleksib. Ou ka pèsonalize l pou kouvari anpil sitiyasyon travay. Li ekonomize lajan epi li pwoteje travay yo. Konsidere Travay Pataje anvan ou konsidere revokasyon!